



Fòm Konsantman pou Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech pou Moun ki gen 12-17 an

Seksyon 1: Enfòmasyon sou timoun nan kap pran Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la (*tanpri ekri anlèt detache*):

*Non Timoun nan
(Non fanmi, Prenon, Inisyal dezyèm non an)*

*Dat nesans
(jou/mwa/ane)*

Laj

Adrès

Vil

Eta

Kòd Postal

Nimewo Telefòn

Seksyon 2: Enfòmasyon sou risk ak benefis Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la genyen

Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la gendwa anpeche moun kap pran vaksen an trape COVID-19. Pa gen okenn vaksen pou anpeche trape COVID-19 ke Administrasyon pou Manje ak Medikaman peyi Etazini (Food and Drug Administration- FDA) apwouve. Sepandan, FDA a bay otorizasyon, dapre Otorizasyon pou Itilizasyon Annijans (Emergency Use Authorization - EUA), pou yo itilize annijans Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la pou anpeche moun ki gen 12 an oswa plis trape COVID-19. Yo bay Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la nan misk la, kòm yon seri 2 dòz, 3 semèn apa.

Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la gendwa pa pwoteje tout moun. Efè segondè yo rapòte ak Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la enkli doulè kote w pran piki a, fatig, mal tèt, doulè nan misk, frison, doulè nan jwenti, fyèv, enflamasyon kote w pran piki a, woujè kote w pran piki a, kè plen, pa santi w byen epi glann anfle. Genyen yon ti chans tou piti ke Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la ta lakòz yon reyaksyon alèjik grav. Anjeneral, yon reyaksyon alèjik grav ta rive nan kèk minit a inèdtan apre w fin pran yon dòz nan Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la. Se pou tèt sa a, yon founisè



Fòm Konsantman pou Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech pou Moun ki gen 12-17 an

vaksen gendwa mande moun nan kap pran vaksen an pou li rete souplas, kote li te resevwa vaksen an, pou yo siveye li aprè vaksinyasyon an. Siy yon reyaksyon alèjik grav gendwa enkli difikilite pou respire, anflamasyon nan figi ak nan gòj, palpitasyon ak/oswa yon move gratèl sou tout kò a.

“Fèy Enfòmasyon pou Benefisyè ak Moun kap Bay Swen yo” pou Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la disponib nan <https://www.fda.gov/media/144414/download>.

Section 3: Consent

KONSANTMAN POU VAKSINASYON MINÈ: Mwen te revize enfòmasyon an sou risk ak benefis Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la nan **Seksyon 2** anwo a epi mwen konprann risk ak benefis yo. Lè mwen bay konsantman mwen anba a, mwen dakò ke:

1. Mwen te revize fòm konsantman sa a epi mwen konprann ke “Fèy Enfòmasyon pou Benefisyè ak Moun kap bay Swen yo”, gen ladan plis enfòmasyon andetay sou risk ak benefis posib Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la.
2. Mwen gen otorite legal pou bay konsantman pou timoun ki nonmen anwo a pou li vaksinen ak Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la.
3. Mwen konprann ke yo pap egzije pou mwen akonpaye timoun ki nonmen anwo a nan randevou li, epi mwen konprann ke lè mwen bay konsantman mwen anba a, timoun nan pral resevwa Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la ke m la oswa ke mwen pa la nan randevou vaksinyasyon an.
4. Si mwen pap akonpaye timoun ki nonmen anwo a nan randevou vaksinyasyon li, mwen pral konplete epi pote yon fòm ki pou depistaj anvan vaksinyasyon, li disponib nan: www.mass.gov/CDCScreeningForm
5. Si mwen gen asirans medikal ki kouvri timoun ki nonmen anwo a, mwen bay konpayi asirans mwen pèmisyon pou resevwa bòdwo pou depans Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la. Gouvènman an ap peye pou vaksen an menm, e yo pap fè mwen peye pou pòsyon sa a nan depans vaksinyasyon an.
6. Mwen konprann ke, jan lwa leta a egzije l, yo pral rapòte tout vaksinyasyon yo bay Sistèm Enfòmasyon pou Vaksinyasyon nan Depatman Sante Piblik Massachusetts la (Department of Public Health Massachusetts Immunization Information System - MMIS). Mwen ka jwenn aksè nan Fèy Enfòmasyon MIIS pou Paran ak Pasyon yo nan www.mass.gov/dph/miis, kote ma jwenn enfòmasyon sou MIIS epitou sou sa mwen dwe fè si mwen pa dakò pou done mwen yo oswa done fanmi mwen pataje ak lòt founisè nan MIIS la.

MWEN BAY KONSANTMAN pou timoun ki nonmen anlè nan fòm sa a pou li pran Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la, mwen revize epi mwen dakò ak enfòmasyon an ki enkli nan **Seksyon 3** fòm sa a. (Si konsantman sa a pa siyen, pa gen dat epi si yo pa remèt li, yo pa pral vaksinen timoun nan.)

Siyati Repezantan an ki Legalman Otorize

Dat